# ЕВГЕНИКА ҲӘМ БИОЭТИКАНЫҢ ЭТИКАЛЫҚ МАШҚАЛАСЫ

**Есназарова Зулфия Балташовна –** *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
zulfiyaesnazrova@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ЭТИЧЕСКАЯ ПРОБЛЕМА ЕВГЕНИКИ И БИОЭТИКИ

**Есназарова Зульфия Балташовна** – *кандидат исторических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# ETHICAL PROBLEM OF EUGENICS AND BIOETHICS

**Esnazarova Zulfiya Baltashovna** – *Candidate of Historical Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар**: евгеника, биоэтика, ахлоқий муаммо, инсон ҳуқуқлари, ген муҳандислиги, инсонпарварлик, ахлоқ, биофалсафа.

**Резюме.** Мақолада замонавий илмий-техник тараққиёт шароитида евгеника ва биоэтиканинг кесишмасида юзага келаётган ахлоқий муаммолар ҳақида сўз юритилади. Муаллиф евгениканинг тарихий келиб чиқиши, унинг ген муҳандислиги ва биотехнологиялар давридаги трансформациясини таҳлил қилиб, инсоннинг генетик табиатига аралашиш инсон ҳуқуқларининг бузилиш хавфига эътибор қаратади. Биоэтик тамойиллар – шахс қадр-қиммати, ирода мухторияти, зарар ва адолатга йўл қўймасликка алоҳида эътибор қаратилмоқда. Ишда инсоний қадриятларни асраш, ўтмишдаги хатоларнинг олдини олиш учун биотиббий технологиялар ривожини ахлоқий асосда назорат қилиш зарурлиги таъкидланган. Тадқиқотнинг назарий-методологик асосини биоэтик, тарихий-генетик ва қиёсий таҳлил усуллари ташкил этади.

**Ключевые слова**: евгеника, биоэтика, этическая проблема, права человека, генная инженерия, гуманизм, этика, биофилософия.

**Резюме.** В статье рассматриваются этические проблемы, возникающие на стыке эвгеники и биоэтики в условиях современного научно-технического прогресса. Автор анализируя историческое происхождение евгеники, её трансформацию в эпоху генной инженерии и биотехнологий, обращает внимание на риск нарушения прав человека путём вмешательства в генетическую природу человека. Особое внимание уделяется биоэтическим принципам - достоинству личности, автономии воли, недопущению вреда и справедливости. В работе подчеркивается необходимость этического контроля за развитием биомедицинских технологий для сохранения человеческих ценностей и предотвращения ошибок прошлого. Теоретико-методологическую основу исследования составляют методы биоэтического, историко-генетического и сравнительного анализа.

**Key words:** eugenics, bioethics, ethical problem, human rights, genetic engineering, humanism, ethics, biophilosophy.

**Summary**. The article discusses ethical issues arising at the intersection of eugenics and bioethics in the context of modern scientific and technological development. The author analyzes the historical origins of eugenics, its transformation in the era of genetic engineering and biotechnology, and draws attention to the risk of human rights violations arising from interference with human genetics. Special attention is being paid to bioethical principles - personal dignity, autonomy of will, and the prevention of harm and injustice. The work emphasizes the necessity of ethical oversight of the development of biomedical technologies to preserve human values and prevent past mistakes. The theoretical and methodological basis of the research consists of bioethical, historical-genetic, and comparative analysis methods.

**Кирсиў.** Ҳәзирги биомедикалық илим ҳәм технологиялардың тез раўажланыўы инсан өмири ҳәм денсаўлығына мисли көрилмеген тәсир етпекте. Генетикалық инженерия, жасалма тұқымландырыў, геномды редакторлаў сыяқлы жаңалықлар инсан тәбиятын өзгертиў имканиятын жаратпақта. Усы процессте евгеника идеялары – яғный, инсан тұқымын жақсылаў ямаса белгили қәсийетлерге ийе адамларды таңлап алыў ҳаққындағы түсиниклер ҳәм илимий ҳәм жәмийетлик талқылаўға түсип атыр.

Бул мәселе этика пәниниң әҳмийетли машқалаларынан бири болып есапланады, себеби ол инсанның қәдир-қымбаты, генетикалық теңлик ҳәм илимий раўажланыўдың шеклеўлери ҳаққында терең мораллық мәселелерди қояды. Евгеникалық тәжирийбелер инсан ҳуқықларын бузыў қәўпин туўдырады ҳәм өткен әсирдеги тарийхый қәтеликлерди еслетеди. Соның ушын ҳәзирги жәмийетте биотехнологияның раўажланыўын этикалық қадағалаў инсанияттың гуманистлик қәдириятларын сақлаў ушын оғада әҳмийетли.

Усы көзқарастан, Евгеника ҳәм биоэтиканың әдеп-икрамлылық машқалалары темасы бүгинги күнде әҳмийетли, себеби ол илим ҳәм әдеп-икрамлылық, прогресс ҳәм жуўапкершилик арасындағы нәзик шегараны үйрениўге мүмкиншилик береди.

**Изертлеўдиң тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпалары:** Евгеника ҳәм биоэтиканың өз ара байланысын, олардың инсан турмысы ҳәм жәмийттеги мораллық-әдеп-икрамлылық қәдириятларға тәсирин талқылаў; усы тараўлардағы әдеп-икрамлылық қыйыншылықларының мәнисин ашыў ҳәм илимий-техникалық раўажланыў шараятында инсан ҳуқықларын қорғаўдың әдеп-икрамлылық тийкарларын анықлаў. Изертлеўдиң ўазыпалары төмендегише көрсетиўге болады. Евгеника түсинигиниң тарийхый қәлиплесиўи ҳәм ҳәзирги түсинигин көрип шығыў. Биоэтиканың тийкарғы принциплерин (инсан қәдири, ықтыяр еркинлиги, зыян жеткермеў, әдиллик ҳәм т.б.) сыпатлаў. Евгеника ҳәм биоэтиканың тутас ҳәм қарама-қарсы тәреплерин анықлаў. Ген инженериясы,

репродуктив технологиялар, инсан геномын өзгертиў сыяқлы мысаллар арқалы этикалық мәселелерди талқылаў. Бул мәселелерди шешиўдиң гуманистлик ҳәм ҳуқықый жолларын усыныс етиў.

**Әдебиятларға шолыў.** Биоэтика: учебник. П.В.Лопатин, О.В.Карташова / Под ред. П.В.Лопатина 2011-жыл, Н.М.Юлдашев, О.З.Сайдалиходжаева, А.Б.Саидов. Биоэтика: Тиббиёт олий ўқув юртлари тиббий-биологик факультетлари талабалари учун дарслик. –Тошкент: «Медицина» нашриёти, 2018. Р.А.Фандора. Биоэтика и евгеника: Аксиологический диалог. -М.: 2014. О.В.Летов. Проблемы и принципы биоэтики. РАН. 2023-жыл әҳмийетли дереклерден болып табылады.

Изертлеўдиң методы ҳәм методологиясы. биоэтикалық анализ усылы, тарийхый генетикалық усыл, компаратив (салыстырмалы) усыл, социологиялық ҳәм эмпирикалық жақтан жантасыў методларынан пайдаланылды.

Әййемги грек тилинен алынған биоэтика (адам ҳәрекетиниң ҳайўанларға өмирдеги, медицинадағы ҳәм биологиядағы қатнасы, бул түсиникти биринши рет 1927-жылы Фриц Жахр айтқан болса, 1969-жылы америкалық онколог ҳәм биохимик В.Поттер оны айланысқа түсирген. Ван Ренсселер Поттер өзиниң «Биоэтика-келешекке көпир» атлы шығармасында гуманитар илимлер ҳәм тәбияттаныўшылар, биологлар искерлигин адамлар турмысына кемситпеўшиликке ҳәм ҳайўанларға салыстырмалы түрде дослық қарымқатнаста болыўға шақырды. Оның пикиринше, «Тири қалыў ҳаққында эпиўайы илим ретинде ғана емес, биологиялық билим ҳәм адамгершилик баҳалықларды бириктиретин жаңа даналық ретинде де изертлеў керек» [1] .

Биоэтика дәслеп, 1960-1970-жылларда раўажланған еди. Екинши жер жүзилик урыс тамам болғаннан бери илим ҳәм техниканың раўажланыўы ҳәм қолланылыўы бир қатар әдеп-икрамлылық машқалаларды келтирип шығарды [2].

Мысалы, аўзында ана сүти еле кеўип үлгермеген пышық зарланып мияўлағаны менен еркелеўдиң орнына, аўқатланып отырған адамлардан жәрдем сорап аяқларына сүйкенетуғын еди. Қыз бенен жигит бос столға отырды да, аяқларының астына айланып жүрген пышықтың баласына қарады. Пышық кетпей турғанда жигит пышықтың басын гөзлеп, қатты соққы менен тепкилейди. Бир метрдей жерге ушып кеткен пышық бир түрли даўыс шығырып, турыўға ҳалы келмей соңғы рет сол жаққа қарап, күлген адамларға үмит пенен қарады. Аўзының шетинен аққан қан жүрек соғыўы менен бирге қатып қалды.

Әтирапымызда орын алып атырған бундай зулымлықлар күнен-күнге көбеймекте. Көп қабатлы үйлердиң алдында баланың туўылған күнине ойыншық ретинде саўғаға берип, үлкейип кеткен күшик пенен пышықты көшеге шығарып таслаў адамлардың күнделикли әдетине айналып барып атыр.

Жас балалар тәрепинен ермекке қурбақаларды өлтириўди, олардың көзинен сым өткерип қыйнаў, ийт ҳәм пышықларды асып өлтириў перзентлеримиздиң ермеги сыпатында қарасақ да, жақында болып өткен «Ташаббус» конкурсында еле жаны үзилмеген, тири қойдың терисин сылыўды «шеберлик сабағы» сыпатында көрсетиў, мәдениятлы заман талабына сай ақылы пүтин адамға тән қәсийет болса?! Медицина менен биологиядағы ҳайўанларға исленген тәжирийбелерди не деп айтыўға болады?

Ҳәзирги дәўирде пүткил дүньяда өмирде, жәмийеттиң түрли тараўларында биоэтикаалық қағыйдаларға әмел етиў бойынша пикир таласлар даўам етпекте.

Сол себепли де бул машқалаларды үйрениў ҳәм шешиў жоллары илимий ҳәм технологиялық инновацияларды, илимий-техникалық ҳәм әмелий жумысларды тәртипке салатуғын ҳәм дурыс бағдарлайтуғын мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Әсиресе, биомедицина ҳәм биотехнологиялардың раўажланыўы ҳәм қолланылыўы, сондай-ақ дүньядағы аўыр кеселликлер пандемиясы нәтийжесиндекелип шығатуғын әдеп-икрамлылық машқалалары атап айтқанда инсан өмири ҳәм өлими менен байланыслы мәселелерди үйрениў барған сайын актуал әҳмийетке ийе болды.

1978-жылы адамның биомедицинасын ҳәм минезқулқын қорғаў бойынша изертлеўлер миллий комитети Пермонт есабатын жәриялады, онда медициналық ҳәм ден саўлықты сақлаў хызметлеринде өз ара ҳүрмет, пайда ҳәм әдиллик сыяқлы үш принцип ҳәм оларды бул системада кең қолланыў әмелияты усыныс исленген. 1979-жылы Беочеп ҳәм Чадрис «Биоэтика тийкарлары» китабын басып шығарды. Усы китапта трансгенлик технология, инсан геномын изертлеў, клонлаў технологиясы, тамыр клеткаларды үйрениў ҳәм басқа медицина тараўындағы руўхый-әдеп-икрамлылық машқалалар ҳәр тәреплеме талланған [3].

Бул китап ҳәзирги биоэтикалық системаның тийкарын жаратты. Илимий изертлеўлерде инсан ҳуқықларын кепиллеўге бағдарланған дәслепки универсал қағыйдалар усы есабатта белгиленди. Ол соннан кейин клиникалық изертлеўлер, илимий экспертизалар ҳәм медициналық жәрдем стандартларында этикалық норма сыпатында қабыл етилди.

Евгеника (грек тилинен εὐγενής - жақсы мийримли, адамгершилик) – адамға қатнаслы таңлаў ҳаққындағы тәлиймат, сондай-ақ, оның туқым қуўалаўшылық қәсийетлерин жақсылаў усыллары алып қаралады. Илим адам генофондындағы дегнерация қубылысларына қарсы гүреске шақырылған. Евгеника тәрепдарларын евгениклер деп атайды.

Евгеника – биоэтика машқалалары тиккелей тийисли болған бағдар болып, биометриялық тестлер нәтийжесинде адам ямаса ҳайўанлар генетикасындағы қупыя өзгерислерди сақлаў жағдайы. Евгеника биоэтикалық машқалалар менен тиккелей байланыслы тараў ҳәм ол биометриялық сынақлардың нәтийжесинде адам ямаса ҳайўанлар генетикасындағы қупыя өзгерислерди сақлаў жағдайы.

Бул тәлиймат ҳәзирги мәнисинде Англияда пайда болды, оның жетекшиси Чарльз Дарвинниң ағасы

Фрэнсис Гальтон,. «евгеника» терминин киргизген [4]. Гальтон евгениканы «жаңа» дин сыяқлы миллий сананың бир бөлими етиўди нийетинде еди [5].

Евгеника биоэтика көз қарасынан үлкен әдеп-икрамлылық машқаласы болып табылады, себеби оның инсан популяциясын жақсылаўға қаратылған усыллары автономия, әдиллик ҳәм зыян жеткермеў сыяқлы биоэтиканың тийкарғы принциплерин бузыўы мүмкин.

Әдеп-икрамлылық мәселелери инсанның репродуктив ҳуқықларына зорлық пенен араласыўдан, итимал кемситиўден ҳәм генетикалық белгилерге тийкарланған социаллық иерархияны дүзиўден келип шығады.

В.И.Моисеев XX әсир ақыры – XXI әсир басларында биология ҳәм медицина философиясының биоэтика тәрепинен өзлестирилиўинде анық тенденция бар екенлигин атап өтеди. Бул толық түсиникли процесс, себеби биоэтика – салыстырмалы жаңа бағдар, ал ҳәр қандай жаңалық пенен ҳәр дайым артықша үмитлер байланысады ҳәм тек ўақыттың өтиўи менен мәдeният тәрепинен әсте-ақырын өзлестирилетуғын ҳәм онда өз орнын табатуғын, имканиятлар ҳәм шеклеўлер шегарасын сызып өтетуғын жаңа бағдарға тең салмақлы мүнәсибетке ерисиледи. Биоэтика менен де сондай болады. Дәслеп бул биомедицина философиясы тараўындағы барлық машқалаларды шешетуғын нәрсе сыяқлы болып көринди. Бүгинги күнде биоэтика феномени, оның унамлы ҳәм унамсыз тәреплери ҳаққында анық баҳа бериў ҳаққында айтыў мүмкин [6].

Биоетиканың сөзсиз плюсы оның интегралы ҳәм транс-интизамлылығы, тәбийий илимий (биология-медицина) ҳәм гуманитар этика бағдарларды бирлестириў деп көрсетиўге болады. Әдеп-икрамлылық бәрқулла онтологиялық болып келди, яғный көплеген сап этикалық машқалалар онтологиялық мәселелердиң ол ямаса бул формаға қарап шығыўды талап етти. Мысалы, ол ямаса бул қылмысты ислеўде субъекттиң ақылы пүтинлигин баҳалаў ақылы пүтинлик критерияларын талап етеди, бул критериялар биологиялық, нейрофизиологиялық, психологиялық ҳәм т.б. мәселелерге, яғный таза релятологиялық аспектлерге сөзсиз тәсир ететуғын еди. Биоэтикада, әсиресе, аксиологиялық ҳәм онтологиялық моментлер байланысы биринши оынға шығады, өзине тән аксиология дәстүри, яғный ҳәр түрли онтологиялық биологиялық, медициналық, социаллық машқалаларға тән болған аксиология образы қәлиплеседи.

Соның менен бирге, биоэтиканың әҳмийетли кемшилиги жаңа терең онтологияны раўажландырмастан, қурамалы трансдисциплинарлық мәселелерди шешиўге умтылыўы барған сайын анық болып бармақта ҳәм бәрқулла конвенциялық усыл менен шеклениў, яғный қандайда бир келисим нәтийжелери менен шеклениў менен алып қаралады. Ҳәр қыйлы пәнлердиң ҳәм жәмийеттиң ҳәр қыйлы қатламларының ўәкиллери бундай сызықлы онтологияның конвенциализациясы деп атаў мүмкин екенлиги нәзерде тутылады.

Нәтийжеде, онтоаксиологиялық синтезге қарай ҳәрекетлениўдиң әҳмийетли ҳәм дурыс тенденциясы онтологияның конвенцияласыўы менен барған сайын көбирек байланысып барады ҳәм ақыр-ақыбетинде онтология, гносеология ҳәм логика мәселелерин биоэтикалық изертлеўлердеги азайыўға алып алып келеди. Социаллық-мәдений коммуникацияның қандай да бир, технологиясы биринши орынға шығып, оның жәрдеминде турмыс феномениниң барлық метафизикалық мәселелерин шешиўге үмит етеди.

Социаллық-мәдений коммуникацияның қандай да бир технологиясы биринши орынға шығып, оның жәрдеминде турмыс феномениниң барлық метафизикалық мәселелерин шешиўге үмитленеди. Егер И.Кант болмаса, ҳеш қандай философия оқытыўшыларының жәмәәти ҳәм олардың коммуникациясы таза ақылды критикалаў машқалаларын шеше алмайды. Басқаша айтқанда, философия, биология ҳәм медицинаның онкогносеологиялық машқалаларын толық илимий изертлеўлер шеңберинде еркин раўажландырыў керек ҳәм бундай изертлеўлерди усы машқалалар менен тиккелей шуғылланбайтуғын субъектлердиң ҳеш қандай коммуникациялары менен алмастырыў мүмкин емес

Терең ислейтуғын турмыс теориясын жаратпай турып, ҳеш қандай келисимлер ҳәм конвенциялар жәрдем бермейди. Бундай теорияны дүзиў болса биология ҳәм медицина философиясының ҳәзирги бағдарларында онтология, гносеология ҳәм логика машқалаларын күшейттириўден ибарат. Ҳәм биоэтика, тилекке қарсы, өзиниң дөретиўшилик илҳамландырыўшы импулсинен кейин, бүгинги күнде бундай жолда белгили дәрежеде иркилис болып табылады. Ол биомедицинаның барлық машқалаларын шешетуғындай көринеди, бирақ бундай емес. Ашықтан-ашық айтыў ўақты келди, биоэтика терең теориялық тийкарға ийе болмаған ҳәм оны социаллық-мәдений коммуникация ҳәм конвенция әмелиятлары менен алмастырыўға урынып атырған тийкарынан қолланба изертлеўлер тараўы болып есапланады. Бундай жағдайлар орын алады, бирақ сол биоэтикалық машқалада оғада көп санлы болған таза теориялық машқалаларды шешиўдиң ҳақыйқый варианты болып хызмет ете алмайды. Бул жағдайды билип, биология ҳәм медицина философиясының жаңа парадигмасын биофилософия принциплери тийкарында басқышпа-басқыш қәлиплестириў итибарға алынады [7].

Усы көзқарастан алып қарағанда, автор биоэтиканың ҳәзирги жағдайына сын көзқарастан қарайды ҳәм терең ислейтуғын турмыс теориясын яғный, турмысты терең философиялық таллаў теориясын қәлиплестириў зәрүрлигин атап өтеди. Тийкарғы идеяларында келисим, конвенциялар жетерли емес, егер терең турмыс теориясы ислеп шығарылмаса, ҳеш қандай социаллық келисимлер ҳәм әдеплилик кодекслер анық нәтийже бермейди. Бундай теория, философияның ҳәзирги бағдарында атап айтқанда, онтологияны, гносеологияны, логиканы күшейтиў арқалы алып қаралады.

**Әдебиятлар**

1. Летов О.В. Проблемы и принципы биоэтики. // https://cyberleninka.ru/article/n/problemy-i-printsipy-bioetiki/viewer
2. Белкина Г.Л. (Ред.) Институт человека: Идея и реальность. – «Ленанд» 2018.
3. Михель И. В. Биоэтика в контексте истории: философские исследования биоэтического движения. – Саратов: Саратовский государственный технический университет, 2015.
4. Саркисянц М. Английские корни немецкого фашизма. От британской к австробаварской «расе господ»/ Пер. с. нем. М.Некрасова. – Санкт-Петербург: «Академический проект», 2003.
5. Rancis Gaiton? Eugencs: its defntion scope and aims. // the Amerikan journal of sociology. Volume X: July. 1904. №1.
6. Моисеев В.И. От биоэтики к биофилософии. // Философские проблемы биологии и медицины: Сборник статей. Вып. 12. – Москва: Социально-гуманитарные знания, 2018. – С. 6-18.
7. Летов О.В. Проблемы биоэтики. Философия науки и техники. (Обзор). // https://cyberleninka.ru/article/n/problemy-bioetiki/viewer